



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RESOUS ETA A YO DISPONIB POU KOMINOTE BUFFALO A AN REPONS AK FIZIYAD TERIB NAN TOPS SUPERMARKET LA

2.8 milyon dola nan finansman disponib depi nan Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York la pou sèvis siplemantè pou viktim ak fanmi yo

Pèsonèl Biwo Sèvis pou Viktim lan pral nan Buffalo semèn sa pou ede viktim yo ak fanmi yo jwenn aksè nan asistans finansye ak ofri founisè sèvis yo detay sou kijan pou yo jwenn finansman

Sèvis woulib pataje yo ofri woulib gratis pou ale ak soti nan makèt Buffalo yo pou reponn ak "Dezè Alimantè" a pandan sit fiziyad la rete fèmen

Liy NY Project Hope la disponib pou konsèy nan sityasyon kriz nan 844-863-9314

Rezo Aksyon Nasyonal la pral ede ak depans antèman pou 10 viktim fiziyad trajik, plen rayisans sa

Gouvènè Kathy Hochul te anonse resous pou sipòte kominote Buffalo a an repons ak fiziyad terib nan Tops Supermarket, sa gen ladan investisman siplemantè nan eta, woulib pou ale nan makèt lokal yo ak finansman pou kouvri depans antèman pou viktim yo.

"24 èdtan pase yo te twomatizan pou Nouyòkè yo epi administrasyon mwen an pral fè tout efò posib pou asire viktim zak teworis sa ke sipremasis blan te lakòz ap resevwa tout resous ak sipò yo bezwen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tout monn lan ap gade kijan nou pral ini nou pou simonte trajedi inimajinab sa. Buffalo, vil natal mwen, se Vil Bon Vwazen yo epi Eta New York pral bon vwazen pou yo".

Gouvènè Hochul te mande pou yo mete disponib 2.8 milyon dola nan finansman federal ak eta pou bay sèvis siplemantè ak sipòte moun ak fanmi ke fiziyad la afekte. Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) lan pral administre finansman ki soti nan Divizyon Sèvis Jistis ak Lwa sou Entèkansyon kont Vyolans Kominotè a, ki deziyen chak ane yon pati nan finansman Lwa sou Viktim Krim federal yo pou pwogram k ap sèvi kominote yo ke vyolans ak zam frape pi di.

Pèsonèl OVS la pral nan Buffalo semèn sa pou ede viktim yo ak fanmi yo jwenn asistans finansye ak bay enfòmasyon sou fason founisè sèvis yo ka jwenn aksè nan finansman siplemantè pou elaji sèvis ak sipò pou viktim vyolans yo. Pèsonèl OVS la pral enstale nan yon espas fèmèn ki aksesib sèlman pou viktim ak fanmi yo pou pwoteje vi prive viktim yo ak prezève konfidansyalite. Ajans lan bay yon sekirite enpòtan epi kapab peye pou depans ki dekoule de yon krim lè moun yo pa gen lòt fason pou peye pou yo, sa gen ladan depans finere ak pou antèman, kou medikal ak pou seyans konsèy, pami lòt depans yo, epi kapab ede viktim ak fanmi ki pèdi salè yo ak pèt sipò.

Biwo Sèvis pou Viktim nan ka kouvri depans finere ak antèman jiska 6,000 dola. Rezo Aksyon Nasyonal la te ofri pou kouvri nenpòt depans finere siplemantè pou fanmi viktim fiziyad yo epi Eta New York ap kowòdone deprè pou asire ke lajan an prale jwenn sila yo ki bezwen li.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap anonse yon patenarya avèk konpayi ki pataje woulib yo, Lyft ak Uber, pou bay woulib ki ale ak soti nan makèt lokal yo; sit fiziyad la te sitiye nan yon swadizan "dezè alimantè" epi te sèvi kòm sèl makèt ki nan distans a pye pou anpil abitan Buffalo. Pasaje yo ki nan kòd postal 14208 ak 14209 kapab resevwa yon woulib gratis jiska 20 dola pou ale ak soti nan de makèt lokal: **Tops Friendly Markets** (425 Niagara Street, Buffalo) ak **Price Rite** (250 Elmwood Avenue, Buffalo). Pasaje Lyft yo kapab itilize kòde 'BuffaloLyftUp' nan aplikasyon Lyft la epi Uber pral anonse yon kòd pou pasaje yo byento.

Pwogram annapre yo ke OVS finanse kapab ede viktim ak manm fanmi yo depoze reklamasyon pou èd epi bay konsèy pou kriz, gwoup sipò, defans ak lòt sèvis. Nenpòt viktim krim ak manm fanmi yo elijib pou sèvis sa yo. Nou ka jwenn pwogram yo tou nan www.ovs.ny.gov/connect.

- Erie County Medical Center: BRAVE (Buffalo Leve Kanpe Kont Vyolans nan ECMC) ak SNUG
- Biwo Pwokirè Distri Konte Erie
- Center for Elder Law & Justice Inc.
- Community Services for Every1
- Erie County Probation Department
- International Institute of Buffalo, Inc.
- Neighborhood Legal Services Inc
- Northwest Buffalo Community Center, Inc.

OVS te bay plis pase 18 milyon dola nan asistans finansye pou viktim krim yo ak fanmi pa yo an 2021. New York se sèl eta nan peyi a ki pa gen limit sou ranbousman pou bòdwo medikal oswa sipò sikolojik, sa vle di moun yo resevwa èd toutotan yo bezwen li. Finansman pou konpansasyon viktim krim yo pwodwi pa amann, frè ak frè siplemantè peye pa kèk moun ki kondane nan tribinal eta oswa federal.

Gouvènè Hochul ap raple tout Nouyòkè yo sou resous Eta a yo ki disponib pou sipò sante mantal pandan moman lamantasyon sa. Tout Nouyòkè kapab kontakte Liy NY Project Hope la nan 844-863-9314 pou pale ak yon konseye kriz, sèt jou nan semèn nan soti 8am rive 10pm. Liy NY Project Hope la se yon liy asistans telefonik ki gratis ak konfidansyèl pou sipò sante mantal ki konekte Nouyòkè yo avèk resous yo bezwen. Anplis de sa, pèsonèl nan Biwo Eta Sante Mantal la ak Inivèsite Eta nan New York la pral disponib pou bay seyans konsèy ak sipò pou sila yo ke trajedi sa afekte.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418